



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU LEJISLATI ETA NEW YORK LA KI ADOPTE LEJISLASYON POU LEGALIZE UTILIZASYON KANABIS POU GRANMOUN**

"Aswè a, Lejislati Eta New York (New York State Legislature) la te fè premye gwo pa an avan pou Empire State la lè li adopte lejislasyon pou legalize itilizasyon kanabis pou granmoun. Mwen remèsye Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Pòt pawòl Asanble a Carl Heastie, ak anpil lejislatè ki te travay san pran souf sou kesyon sa a pou sekirize adopsyon lejislasyon istorik sa a.

Pandan twò lontan entèdiksyon kanabis te sible kominote moun koulè yo yon fason dispwopòsyonèl avèk desizyon sevè pou mete moun nan prizon epi apre plizyè ane nan travay di, lejislasyon anblematik sa a bay jistis pou kominote ki majinalize pandan lontan yo, ki anbrase yon nouvo endistri ki pral devlope ekonomi an, ak etabli vijilans sekirite ki enpòtan pou piblik la.

New York genyen yon istwa ki rich dèske li se kapital pwogrè nasyon an epi lejislasyon enpòtan sa a pral sipòte yon fwa ankò eritaj sa a. Mwen ap tann ak enpasyans pou mwen siyen lejislasyon sa a pou vini yon lwa."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)